



Pou Piblikasyon Imedya: 15/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSE NOUVO ZOUTI POU SALÈ AK TRAVAY AN LIY NAN KAD ANGAJMAN KONTINYÈL POU TRANSPARANS

Nouvo tablobò entèraktif sou sitwèb Depatman Travay la senplifye rechèch done travay ak salè yo

Founi done espesyal sou travay ak salè pou prèske 800 tit travay atravè Eta New York

Fè pati [Plan Transparans](#) Depatman Travay la nan nivo tout ajans lan

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman de nouvo resous entèraktif an liy ki fèt pou amelyore transparans ak amelyore aksè a estatistik travay ak enfòmasyon sou salè pwofesyonèl yo. Tablobò [Estatistik Travay Aktyèl](#) yo bay estimasyon chak mwa sou travay ki pa agrikòl, èdtan, ak salè pa endistri pou Eta New York, zòn metwopolitèn yo ak konte ki andeyò zòn metwopolitèn yo. Tablobò [Estatistik Travay ak Salè Pwofesyonèl](#) (Occupational Employment and Wage Statistics, OEWS) founi estimasyon sou travay ak salè pou prèske 800 tit travay atravè Eta New York. Tou de tablobò yo fasilman aksesib sou sitwèb Depatman Travay (Department of Labor, DOL) la. Anons sa a kowenside ak Sunshine Week, yon inisyativ nasyonal ki mete aksan sou efò pou ogmante transparans ak ouvèti nan gouvènman an.

"Nan premye jou a, administrasyon mwen an te pran yon angajman pou ranfòse transparans ak retabli konfyans ke gouvènman an ka pwodwi rezilta reyèl pou Nouyòkè chak jou yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouvo tablobò done travay ak salè ki fasilman aksesib sa yo reprezante dènye efò nou yo pou nou respekte ve sa a - konble vid enfòmasyon an epi ede Nouyòkè yo konprann tout opòtinite travay ki disponib ak salè konpetitif yo. Konekte moun ak enfòmasyon enpòtan sa yo sou travay ak salè pa janm te pi esansyèl - paske anpil moun ap chèche rekonstwi ak redefini karyè yo apre pandemi an."

Ou ka itilize tablobò CES la plizyè fason, tankou rechèch yon endistri inik ki baze sou jewografi, lè, ak ajisteman pa sezon. Estimasyon chak mwa yo baze sou yon sondaj sou plis pase 18,000 biznis nan tout eta a. Itilizatè yo ka konstwi pwòp ansanm done yo epi rekipere done pou plizyè endistri nan plis pase yon rejyon.

Tablobò OEWS la pèmèt itilizatè yo navige enfòmasyon sou travay ak salè pa pwofesyon. Li pèmèt itilizatè yo konpare tou salè pou pwofesyon atravè eta a, wè salè pou pwofesyon nan gwoup yo, epi gade travay pwofesyonèl pa endistri.

Nouvo pwogram sa yo ajoute sou lòt resous done vityèl yo ofri sou [sit entènèt](#) NYSDOL la, tankou [Done sou Popilasyon Aktif ak Chomaj](#), [Salè Asirans Chomaj an Vigè](#), ak plis ankò.

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Gouvènè Hochul kontinye rete yon defansè pou transparans. Zouti sa yo se yon lòt rezilta tanjib nan angajman li pou kraze baryè enfòmasyon piblik nan gouvènman eta a. Done yo ka ede nou pi byen konprann tandans yo atravè Eta New York. Avèk resous sa yo, Nouyòkè yo ka wè tandans anplwa yo nan rejyon yo ak odela, eksplòre salè nan pwofesyon ke yo enterese yo, ak plis ankò. Nouvo tablobò sa yo bay Nouyòkè yo kapasite pou yo fasilman eksplòre enfòmasyon sou anplwa poukont yo."

Lansman nouvo zouti an liy sa yo reprezante dènye efò Gouvènè Hochul pou ogmante transparans, responsabilite, ak etik nan gouvènman eta a. Lendi a, Gouvènè Hochul te anonse ke Eta New York ap kontinye efò pou akselere pwosesis pou reponn a demann piblik yo, ki mande Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Information Technology Service, ITS) Eta a pou soti yon Apèl pou Kotasyon pou sekirize yon platfòm lojisyèl ki pral akselere delè pou resevwa, trete, oswa reponn ak demann Lwa sou Libète Enfòmasyon an (Freedom of Information Law, FOIL).

Nan diskou li a sou Sitiyasyon Eta a, Gouvènè Hochul te anonse pwopozisyon pou fè refòm nan Komisyon Komen sou Etik Piblik la epi mete limit kondisyon ak entèdiksyon pou revni ekstèn pou tout ofisyèl ki eli nan tout eta a. Kèk semèn apre li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te pibliye plan transparans nan plis pase 70 ajans eta, politik rekous pou ofisyèl anchèf Eta yo, epi mete anplas nouvo politik resous imèn pou pwoteje anplwaye yo nan gouvènman eta a ak nan Chanm Egzekitif la kont diskriminasyon ak asèlman.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418